

KRS sou Sèvis Pwobasyon yo

**K. Yon ajans ki fè respekte lwa bay pitit mwen an yon Sitasyon Sivil pou yon vyolasyon lwa.
Kisa ki pral rive kounye a?**

R. Apre yon ajans ki ranfòse lwa bay yon Sitasyon Sivil, yo pral kontakte oumenm ak pitit ou an pou pran yon randevou pou kapab pale ak yon moun sou sitasyon an. Pandan diskisyon an yo pral fè yon evalyasyon son bezwen avèk pitit ou an pou ede idantifye nenpòt sèvis ki nesesè ak referans. Yo pral devlope yon plan sèvis endividyalize avèk ou menm ak pitit ou a pou adrès referans pou sèvis (yo), ki gen ladan kenbe pitit responsab yo pou viktim nan ak kominote a.

K. Yon lapolis te mete piti mwen an nan yon kote detansyon (yo arete li). Kisa ki pral rive apre yon fin arete piti mwen an?

R. Apre yon ajans ranfòsman lwa chaje pitit ou a ak yon vyolasyon lwa, tou depann sou gravite ofans lan ak ofisyel lapolis la wè sa ki nesesè nan yon fason ki apwopriye pou adrese ofans lan, pwochen etap yo kapab:

- Yo pran mennen pitit ou an nan yon Sant Evalyasyon Jivenil (JAC) oswa nan yon sant detansyon jivenil pou tès depistaj pou detansyon.
- Depistaj la pral evalye risk pitit ou a ka poze nan kominote a epi detèmine si gen kèk kalite detansyon ki nesesè.
- Yo kapab lage pitit ou a ba ou menm oswa mete li nan yon etablisman sekirite ki pral depann sou rezulta evalyasyon risk pou detansyon an.
- Yo kapab lage pitit ou a ba ou menm avèk yon referans dirèk nan yon reyabilitasyon.
- Yo voye chaj yo bay Grefye Tribunal la ak Biwo Pwobasyon.

K. Yon lapolis te mete piti mwen an nan yon kote detansyon (yo arete li). Konbyen tan apre yo te fin pran li nan detansyon mwen ka wè pitit mwen an?

R. Tou depann sou evalyasyon tès depistaj detansyon an yo ka lage pitit ou ba ou oswa plase li nan yon etablisman ki sekire annatant yon odyans nan tribunal. Ou dwe kontakte etablisman detansyon an, epi mande pou èdtan ki deziyen pou vizite yo. Demann espesyal ka fèt atravè manadjè ka jèn timoun nan ak / oswa sipètentandan pwogram.

K. Kisa yon Ofisyel Pwobasyon Jivenil ye ak sa yo fè?

R. Yon Ofisyel pwobasyon Jivenil (JPO) founi sèvis ki enpòtan yo:

1. Premye sèvis admisyon sou referans ki soti nan men lapolis pou jèn ki poco gen 18 an lè yo te komèt enfraksyon an.
2. Evalyasyon (yo) ak referans pou sèvis baze sou risk ak bezwen jèn timoun lan.
3. Sèvis entèvansyon abaz kominotè ki kapab gen ladann sipèvizon.

K. Kisa pwosesis admisyon an ye?

- R.** Yon fwa yo akize pitit pou yon enfraksyon lwa, admisyon JPO an pral resevwa yon kopi chaj vyolasyon la nan men lapolis oswa nan men Grefye Tribinal la. JPO pral kontakte w, piti ou an ak fanmi w pou fè yon entèvyou ak ranmase enfòmasyon.
- Enfòmasyon sa a pral ede JPO an pou fè evalyasyon ak devlope yon plan pou adrese ofans lan.
 - Yo konsidere nati ofans lan, risk pitit ou an prezante nan kominate a, domaj viktim nan sibi akòz aksyon pitit ou a, ak lòt bezwen pitit ou a kapab genyen yo tout.
 - JPO an alè sa a pral fè rekòmandasyon, lè li prezante evalyasyon enfòmasyon li te ranmase epi planifye pou adrese ofans delenkan an.
 - Plan sa a adapte endividiyèlman pou pwoteje kominate a, pou kenbe pitit ou a responsab pou ofans li fè kont viktim nan, ak bay yon plan reyabilitasyon ki adrese bezwen pitit ou a ak objektif pou ede pitit ou pou evite li dezobeyi lwa ankò.

K. Pou ki rezon yo deziyen yon JPO pou piti mwen an?

- R.** Yo deziyen yon JPO pou tout jèn moun yo refere nan DJJ. Sa pa vle di piti ou an pran oswa pa pral sou pwobasyon (libète sou kondisyon).
- For the most part, your child's JPO is the single-point of contact for you and your child as your child's case moves through the juvenile justice system.
 - JPO se manm pèsonèl la ki rekòmande kijan pou okipe vyolasyon lwa pitit ou a, ki ka varye pou yon pwogram de-jidiszarizasyon ki pa jidisyè a, sipèvizon pwobasyon, oswa angajman, ki gen ladan angajman rezidansyèl.
 - Si pitit ou a ale nan yon pwogram angajman rezidansyèl, lè sa a, sèl pwen kontak pandan tan sa a yo pral travayè sosyal rezidansyèl pitit ou an, ki se yon manm nan ekip tretman nan pwogram rezidansyèl la.

K. Kisa pwogram reyabilitasyon ye?

- R.** Yon pwogram de-jidiszarizasyon se yon fason non-jidisyè pou okipe ka pitit ou an. Olye pou ale nan tribal JPO a ka rekòmande pou pitit ou a resevwa èd atravè yon pwogram de-jidiszarizasyon. Si pitit ou a konplete avèk siksè tout pwogram nan, yo pap pouswiv okenn aksyon nan tribal. Sepandan, si pitit ou a pa konplete pwogram de-jidiszarizasyon an, Avoka Eta an kapab depoze yon petisyon nan Divizyon Tribal Jivenil Sivil (Tribinal pou Timoun), pou chaje pitit ou a fòmèlman ak ofans delenkan.

K. Ki sa yon Tribal pou Timoun oswa yo "rekòmandasyon pou entèvansyon tribal ye"?

- R.** Apre rasanbleman tout enfòmasyon ak evalyasyon ki nesesè yo, JPO pitit ou a ka rekòmande pou Biwo Avoka Eta a fòmèlman chaje pitit ou a ak yon ofans delenkan. Sa se yon "rekòmandasyon pou entèvansyon tribal." Yon rekòmandasyon pou entèvansyon tribal ka gen ladann pwosekisyon kòm yon adilt, si ofans lan grav anpil oswa si pitit ou an gen yon istwa vyolasyon lwa (delenkan abityèl).
- Si Avoka Eta depoze yon petisyon delenkans ki baze sou chaj la li pral voye li bay Divizyon Tribal Jivenil Sivil lan. Divizyon espesyal Tribal sa a tandé ka vyolasyon lwa jivenil yo.
 - JPO pitit ou an pa kapab rekòmande yon pwogram de-jidiszarizasyon pou pitit ou an apre yon fin jiye ka nan Tribal Jivenil lan.
 - Si pitit ou a komèt yon ofans grav oswa se yon delenkan abityèl, rekòmandasyon JPO a ka gen ladan pouswit jidisyè pitit ou a nan Tribal Adilt.
 - Yo pa kapab jiye pitit ou an kòm yon adilt apre yo te fin jiye li kòm yon jivenil pou menm krim lan.

K. Kisa k ap ki pral rive si yo refere ptit mwen an nan Tribunal pou Adilt?

R. Avèk sèten ofans grav, lwa a ka mande pou yo tandé ptit ou a pou vyolasyon lwa nan Tribunal Adilt. Yo kapab voye ka ptit ou a bay Divizyon Kriminèl Adilt nan Tribunal Sivil (Tribunal Adilt) pa "dosye direk," "dispans," oswa "pwosede akizasyon." Nan sikonstans sa yo, li posib pou yo jije ptit ou an kòm yon adilt pou ofans lan epi resevwa yon santans adilt.

- Lè sa rive, Depatman Koreksyon Eta Laflorid la enplike nan ka ptit ou a, akòz rekòmandasyon yo bay pou tribal Adilt lan.
- Nan kèk sikonstans, yo ka jwenn yon jivenil koupab nan Tribunal Adilt, men kondane li pou retounen nan DJJ pou al pran sanksyon an oswa pou angajman nan yon pwogram rezidansyèl.

K. Ki diferans ki genyen ant "kondane" ak "kondanasyon ranvwaye"?

R. Si yo "kondane" ptit ou an alè sa a jij la pral deklare ptit ou an te komèt yon zak delenkans oswa te vyole lwa an epi pou rezon sa a yon kondane li kòm yon delenkan. Si ptit ou an resevwa yon "kondanasyon ranvwaye," alè sa a jij la pral menm jan deklare ptit ou an te komèt yon zak delenkans oswa te vyole lwa, men yo dwe ranvwaye desizyon fòmèl delenkans lan. Adjidikasyon enpòtan anpil, pa tou senpleman akòz desizyon fòmèl delenkans lan, men sèlman paske yon jèn yo jije delenkan kapab angaje li nan Depatman an.

K. Èske ptit mwen an pral oblige pran yon tès ADN?

R. Apatide 1 Septanm, 2011, koleksyon echantyon Asid deyoksinikleyik (deoxyribonucleic acid) (DNA) obligatwa annakòdans avèk § 943.325, F.S., nan dispozisyon. Nan ka ptit ou a, koleksyon ADN obligatwa pou krim ak sèten deli yon fwa lapolis te arete ptit ou a—menm si ptit ou a potko ale devan yon jij. Lè yo jwenn ou koupab pou sèten ofans grav sa ka lakòz yo yon lòd tribal ptit ou a dwe konfòme pou pran tès AND lan. Yo kenbe rezulta tès ADN yo nan dosye nan Depatman Ranfòsman Lwa nan Eta Laflorid (FDLE).

K. E konsènan frè tribunal ak "pri pou swen"?

R. Nan sèten sikonstans JPO ptit ou a ka eksplike, ou menm ak ptit ou a ka responsab pou depans yo. Frè sa yo ka gen ladan frè tribunal epitou, si timoun ou an nan oswa te an DJJ pou detansyon oswa angajman, depans sa yo ka gen ladan yon chaj pou chak jou pou depans ptit ou a pou swen pandan li nan gadavi DJJ.

K. Si tribunal la òdone ptit mwen an pou peye restitisyon, kisa sa vle di ak kijan peman yo fèt?

R. Tribunal la kapab detèmine ptit ou a oswa ko-defandan adisyonèl yo responsab "ansanm" pou domaj ofans la te koze ki te lakòz arestasyon ptit ou a. Kòm yon rezulta, tribunal la ka bay ptit ou a lòd pou peye pou domaj sa yo (peye restitisyon) bay viktim krim sa a. Nan ka responsabilite komen pou domaj, chak ko-akize a (yo) pral pataje responsabilite pou peye restitisyon. Si lòt ko-akize a (yo) pa peye pataje yo nan domaj yo, lè sa a ptit ou a kapab responsab pou peye tout montan restitisyon an.

- Peman restitisyon ak frè tribunal lòt yo peyab bay Grefye Tribunal Sivil la. Anba okenn sikonstans anplwaye DJJ oswa ajan sou kontra otorize yo kapab aksepte peman restitisyon nan nenpòt fòm. Pinga ou remèt lajan restitisyon bay JPO ptit ou a oswa yon lòt ajan sou kontra ki founi sipèvizon pou ptit ou.

K. Ki responsabilite mwen genyen si pitit mwen an sou pwobasyon oswa sipèvizon?

R. Nou bezwen èd ou pou asire bezwen pitit ou yo ranpli epi asire li reyisi rive objektif tretman ak sanksyon lòd tribinal la. Ou kapab ede reyisit pitit ou an lè ou fè sa ki annapre la yo:

- Kenbe kontak regilye avèk JPO pitit ou a ak kenbe li enfòme sou siksè ak lit pitit ou a pandan li sou pwobasyon oswa sipèvizon. Plis Enfòmasyon JPO a genyen, li pral pi byen kapab satisfè bezwen pitit ou a ak ede li reyisi.
- Kolabore avèk ofisyèl lekòl yo pou ede pitit ou rete sou objektif travay akademik li. Pataje enkyetid sou mank prezans, pèfòmans, oswa konpòtman avèk JPO pitit ou a defason pou li kapab bon etap pou ede pitit ou an reyisi nan lekòl.
- Ale nan tout odyans nan tribinal avèk pitit ou an.
- Asire ou menm, pitit ou a avèk manm fanmi w patisipe nan tout konsiltasyon oswa terapi egzijib yo.
- Fè aranjman pou transpò pitit ou a pou konsiltasyon sikolojik, anplwa, sit travay pou sèvis kominotè yo, ak pou ale lakay lè I ap sòti nan pwogram angajman rezidansyèl la. Si transpòtasyon se yon pwoblèm, kontakte JPO pitit ou a pou diskite sou chwa sou mwayen transpò.
- Asire w pitit ou konplete objektif dapre yon lòd tribinal ak sanksyon ki nan peryòd anvizaje yo etabli.
- Bay pitit ou a yon fwaye pou viv ki senesòf, ki bay konfò epitou ki rekonèt fòs ak siksè pitit ou an.

K. Pou konbyen tan pitit mwen an pral rete sou pwobasyon?

R. Se sèlman tribinal la ki kapab tèmine pwobasyon sipèvize yon jèn timoun. Yon fwa pitit ou fin ranpli tout sanksyon daprè lòd tribinal te akonpli tout objektif tretman li yo, JPO a pral rekòmande tribinal la tèminezon pwobasyon li an.

- Si pitit ou a se “delenkan kondane” pa tribinal la, tèm maksimòm sipèvizon pa limite pa tèm maksimòm aplikab la pou degré nan ofans lan (egzanp, 1 ane pou yon deli premye degré). Yon eksepsyon pou dezyèm degré deli, ki gen yon maksimòm tèm sipèvize pou 6 mwa, kòm opoze a maksimòm òdinè legal ki se 60 jou. Si pitit ou a genyen yon “kondanasyon ranvwaye,” lè sa a, tèm maksimòm sipèvizon pa limite pa degré ofans lan. Men, si kondane pitit ou an oswa gen yon kondanasyon ranvwaye, sipèvizon pa ka pwolonje pi lwen pase li 19yèm anivèsè nesans li.

K. Èske DJJ pral sipèvize pitit mwen an apre angajman rezidansyèl li an?

R. Apre yo fini yon pwogram angajman rezidansyèl, yo ka anvizaje pou pitit ou an kolabore ak “libète kondisyonèl” oswa “apre swen sipèvize.” Sa a se menm jan ak lè li te sou pwobasyon eksepte pitit ou an toujou angaje nan DJJ. Se konsa, li kapab retounen nan yon etablisman angajman rezidansyèl pou vyolasyon kondisyon ki nan sipèvizon li an. Sa fèt administrativman san yo pa gen plis lòd nan men tribinal la. Yon lòt kalite sipèvizon apre yo te fin nan yon pwogram angajman rezidansyèl se pwobasyon apre-angajman. Se Tribunal Sivil la ki tande odyans pou vyolasyon apre-angajman sipèvizon an.

K. Si pitit mwen an avèk siksè konplete yon pwogram reyabilitasyon, èske li gen pou kite yon anplwayè posib konnen yo li te arete?

R. Sa depann sou kijan yo ekri aplikasyon pou anplwa an.

K. Lè pitit mwen ranpli yon aplikasyon pou travay oswa lekòl la, èske li dwe divilge dosye arrestasyon jivenil li?

R. Tou depan sou kijan yo ekri aplikasyon pou anplwa an oswa lekòl la, pitit ou a fèt pou divilge istwa arrestasyon li sòf si dosye-a te sele oswa eponje pa lòd tribinal.

- Dapre lwa Laflorid, pitit ou a ka denye nenpòt ki arrestasyon kouvri pa yon dosye ki sele oswa eponje. Men, §943.0585 ak §943.059, F.S., enpoze kèk eksepsyon ki mande pou rekonesans arrestasyon moun lè gen, pa egzanp, moun kap chèche travay nan yon ajans jistis kriminèl, yon etablisman swen timoun ki gen lisans, ak lòt pozisyon sansib.

K. Ki sa pitit mwen an dwe konnen defason pou ranpli yon aplikasyon pou anplwa?

R. Li esansyèl pou bay enfòmasyon konplè ak egzat sou yon aplikasyon pou anplwa.

- Prèske tout aplikasyon mande "Èske w te janm kondane pou yon deli?"
- Yon kondanasyon, se yon tèm aplikab pou yon timoun yo te jije ak kondane oswa plede koupab nan Tribinal Adilt.
- Si pitit ou a plede koupab oswa yo jwenn koupab kòm yon jivenil nan Tribunal Jivenil, se yon adjidikasyon delenkans epi yo pa konsidere yon kondanasyon §985.35(6), F.S.
- Sepandan, sa a pa vle di anplwayè potansyèl pitit ou a pa pral jwenn enfòmasyon sou dosye jivenil arrestasyon li. Pifò travay fè yon rechèch antedesan konpreyansif FDLE konplete, ajans eta a ki kenbe tout dosye istwa kriminèl nan Eta Laflorid la. Ou kapab jwenn yon kopi dosye kriminèl nan men FDLE.

K. Èske piti mwen an pral genyen yon dosye kriminèl?

R. Pitit ou a ap gen yon dosye delenkans epi pral gen yon dosye sou arrestasyon li, menm si li se pa "kondane" oswa "kondanasyon an ranvwaye." FDLE se gad ofisyèl dosye istwa kriminèl nan Eta Laflorid la daprè Ch. 943, FS, ak tankou kolekte yo, fè pwosesis, estoke, antretni epi li pwopaje enfòmasyon ak dosye jistis kriminèl ki enkli dosye sou minè yo.

K. Kouman mwen ka gen dosye jivenil pitit mwen an sele oswa eponje?

R. Dosye istwa kriminèl pitit ou an kapab sele (rete konfidansyèl) oswa eponje (detwi) daprè gouvènans Ch. 943, F.S., ki administre pa FDLE.

- Pandan dosye jivenil yo konsidere konfidansyèl, yo pa otomatikman sele epitou—nan anpil ka—ou kapab jwenn aksè pa publik jeneral la atravè biwo lapolis lokal. Pou pi fò, men pa pou tout objektif, sijè yon dosye istwa kriminèl ki sele oswa eponje, kapab legalman refize oswa manke pou rekònèt arrestasyon ki kouvri pa dosye sele oswa eponje an.
- Anjeneral, jenn timoun yo ka genyen pifò deli (ak kèk krim) sele ak prèske tout deli yo eponje apre yo fin konplete avèk siksè yon pwogram de-jidisirazasyon ki eksprèsman otorize pou fè sa. Yon kat enprime ak aplikasyon, ansanm ak yon frè, dwe soumet bay FDLE apre Biwo Avoka Eta a sètifye kalifikasyon legal (pou eksponksyon (eponje)). Apre FDLE remèt yon sètifikasi kalifikasyon, yo pral depoze yon petisyon avèk tribinal la pou yo kapab sele oswa eponje dosye an. Yo avoka kapab ede nan pwosesis sa a. Sitwèb FDLE an ofri enfòmasyon adisyonèl sou pwosesis la: <http://www.fdle.state.fl.us/Content/Seal-and-Expunge-Process/Instructions-for-Applying-for-a-Juvenile-Diversion.aspx>.

K. Pitit mwen an nan prizon e mwen genyen yon plent. Kisa m dwe fè?

R. Rele Liy Abi Dirèk Laflorid la nan 1-800-962-2873.

Novanm 2013

*Yon gid sou Sistèm la Jistis Jivenil Laflorid pou Paran Jèn Timoun
ki Gen Andikap oswa Kondisyon Medikal Kwonik*

